



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

Fair Fares NYC

Kondisyon Itilizasyon ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan pou yon Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn Vil Nouyòk

Kat Fair Fares NYC OMNY (Fair Fares NYC) epi vwayaj Access-a-Ride ak rabè

Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (DSS/HRA) ap jere Pwogram ("Pwogram nan") Fair Fares Vil New York (Fair Fares New York City, FFNYC) nan. Pwogram nan pèmèt moun ki kalifye yo monte metwo, bis lokal ak Paratranzit Access-A-Ride pou mwaye pri.

Pou enskri nan Pwogram Fair Fares NYC a:

Si ou ranpli kondisyon kalifikasyon Pwogram nan epi gen fon ki disponib, w ap resewa yon rabè FFNYC epi w ap enskri nan pwogram nan pou yon lane. W ap enskri pou youn nan rabè sa yo (kèlkeswa sa ki aplikab pou ou nan moman ou enskri a):

- Rabè sou tren MTA New York City Transit (NYCT) ak otobis lokal yo (Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak Hudson Rail Link); **oswa**
- Access-A-Ride:

Si nenpòt lè ou pa kalifye ankò, Pwogram nan ap retire w epi rabè a ap kanpe. Pwogram nan ap voye yon korespondans nan kourye lapòs pou enfòmasyon w desa nan adrès ou genyen ki anrejistre a, si yo retire w nan pwogram nan.

Kalifikasyon FFNYC

Moun ki abite nan Vil New York (NYC) yo gendwa elijib pou FFNYC si:

- yo gen ant 18 ak 64 lane (moun 18 ak 64 lane ladan tou);
- ou nan yon kay ki satisfè direktiv revni pou pwogram FFNYC;
- ou pa resewa yon frè pou machin konplè nan men DSS/HRA oswa nenpòt lòt ajans vil Nouyòk; **epi**
- w ap chwazi rabè nan tren ak otobis FFNYC, ou pa deja patisipe oswa elijib pou patisipe nan nenpòt lòt pwogram rabè transpò.

Chanje soti nan Fair Fares MetroCard, FFM pou al nan Kat Fair Fares One Metro New York (OMNY) (FFOC):

Pwogram nan pa bay Fair Fares MetroCard (FFMs) ankò. Si w gen yon FFM, ou ka itilize l jiskaske (kèlkeswa sa ki rive an premye a):

- kat la ekspire (dat ekspirasyon an se sou do kat la);
- kat la pa travay ankò;
- kat la vin dezaktive; **oswa**
- ou pa enskri ankò.



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

Kondisyon Itilizasyon ou te siyen an toujou aplikab pou MetroCard ou a toutotan li aplikab.

Lè w renouvle enskripsyon w nan pwogram nan, FFNYC ap voye yon Kat Fair Fares OMNY Card (FFOC) pou ou. Si ou rapòte MetroCard ou a pèdi, si yo volè l oswa si l abime, FFNYC ap ranplase l ak yon kat OMNY. Ou ka chanje soti nan MetroCard pou al nan OMNY nenpòt lè.

Pou Patisipan ki Enskri pou Rabè sou Metwo ak Bis Lokal yo

Pwogram nan ap voye yon kat FFOC pou ou itilize poukont ou. Si w kite yon lòt moun itilize kat ou a, Pwogram nan ka sispann ou epi anile rabè ak kat FFOC ou a. Tanpri, gade seksyon sou Penalite ki anba a pou kapab jwen plis enfòmasyon.

Kijan Rabè FFOC a Fonksyone:

Yon fwa ou resevwa FFOC ou a, ou kapab ajoute lajan sou li nan yon Machin ki Vann Kat OMNY ki sitiye l nan Vil New York, nan magazen patisipan ki atravè vil la (omny.info/retail), si w rele Sèvis Kliyantèl OMNY nan (877)-789-6669, oswa anliy atravè kont OMNY ki anrejistre ou a (omny.info/register).

- Pwogram nan pa peye oswa ranbouse pri pri tikè yo. FFOC ou resevwa a p ap gen okenn lajan sou li.
- Anvan ou ka itilize FFOC a, w ap bezwen ajoute lajan pou peye pri tikè pou mòd transpò ou pral itilize a. Pi piti montan lajan ou ka ajoute nan kat ou a se 1.00 dola.
- Ou ka tape FFOC ou sou nenpòt lektè kat OMNY. Rabè ou a ap mache nan metwo, bis lokal yo, Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram ak Hudson Rail Link. Rabè ou a p ap mache nan bis ekspres oswa nan AirTrain JFK yo.
- Si ou fè 12 vwayaj peye nan 7 jou youn apre lòt, tout vwayaj adisyonèl nan peryòd tan sa a pral otomatikman gratis. Sa a se maksimòm ou pral peye ak rabè FFNYC a. Sa pral disponib toutotan OMNY ap ofri plafon tarif yo.

Kat ki Pèdi, Yo Vòlè, oswa ki Abime:

- Konekte nan ACCESS HRA (AHRA) oswa rele 311 pou rapòte kat ou pèdi, vòlè oswa domaje. FFOC a p ap fonksyone depi yo anile li.
- FFNYC ap voye yon nouvo FFOC pa lapòs yon fwa kat ou te deklare ki pèdi, vòlè oswa domaje a dezaktive.
- FFNYC pral bay yonsèl ranplasman FFOC pou chak ane enskripsyon. Yo pèmèt moun fè yon dezyèm ranplasman sèlman nan sikonstans espesyal, selon diskresyon Pwogram nan.
- FFOC ki mal itilize oswa maltrete ak lajan ki rete ladan yo pa elijib pou ranbousman.
- Ou ka transfere balans ou soti nan ansyen kat ou a nan nouvo kat ou a pa rele Sèvis Kliyan OMNY nan 877-789-6669. Lè w rele, ou dwe bay yon adrès imèl oswa ID Fair Fares ID ou a ak nimewo kont transpò pou kat OMNY ki pèdi a. Ou ka jwenn ID Fair Fares ou a ak nimewo kont transpò ou a nan kont AHRA ou a.

FFOC ekspirasyon an akò avèk Pwosedi NYCT:



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

- FFOC ou a gen yon dat ekspirasyon sou do a. Ou dwe kontinye itilize menm kat la jiskaske li ekspire. FFNYC ap otomatikman voye yon nouvo kat pou ou nan kourye lapòs avan li ekspire si w toujou enskri nan pwogram nan.
- Lè kat OMNY ou a ekspire, ou ka transfere balans ki soti nan kat ekspire ou a nan nouvo kat ou a lè w kontakte Sèvis Kliyan OMNY nan (877) 789-6669.

Pa Gen Transfè Lajan soti nan MetroCard pou al nan Kat OMNY:

- Ou pa ka transfere balans lan soti nan FFM ou a nan FFOC ou. Ou dwe itilize balans ki rete nan MetroCard ou a avan li ekspire oswa avan ou anile li.
- Ou pa kapab transfere okenn sold ki rete nan yon MetroCard plen tarif oswa yon kont OMNY plen tarif nan yon FFM oswa FFOC.

Pou mande yon ranbousman pou yon kat FFM ki pèdi oswa yo vòlè selon pwosedi NYCT yo:

Si ou pèdi FFM ou a oswa si yo vòlè li, **epi** si ou te achte yon pas 30 jou ak yon **kat kredi, debi, oswa EBT**:

- Apre ou rele 311 oswa ou konekte nan AHRA pou rapòte kat ou pèdi oswa yo vòlè li, ou ta dwe kontakte NYC Transit lè w rele 511 oswa (718) 330-1234 epi suiv enstriksyon yo jiskaske w rive jwenn Pwogram Pwoteksyon Balans lan pou w mande yon ranbousman.
- Ou ka kalifye pou yon ranbousman pasyèl dapre jou ou fè Balance Protection konnen ke FFM a pèdi oswa yo vòlè li **epi** :
 - Kat FFM ki pèdi oswa yo te vòlè a te gen yon pas 30 jou sou li;
 - Te gen tan ki rete sou pas 30 jou ou a lè li te dezaktive a; epi
 - Ou te peye pou pas 30 jou a avèk yon kat debi, kredi oswa EBT:
- Si yo pèdi oswa yo vòlè FFM ou a, ou ka jwenn yon ranbousman gratis chak ane kalandriye. Yon dezyèm ranbousman ap koute \$5.00, epi pa gen pyès ranbousman k ap fèt si kantite lajan ki sou kat la pi piti pase \$5.00. Pou pi plis, ou ka resevwa de (2) ranbousman chak ane.

FFM ki abime oswa ki Pa Fonksyone:

Si ou pa ka itilize FFM ou a paske li abime oswa paske li pa fonksyone, ou dwe retounen FFM ki abime oswa ki pa fonksyone a nan yon biwo FFNYC.

Rele 311 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/fairfares pou jwenn biwo ki pi pre w la. DSS/HRA ap ba ou yon kat ranplasman FFOC yon fwa ou retounen FFM ki abime oswa ki pa fonksyone a bay Pwogram nan.

MetroCard ekspirasyon

Si gen lajan ki rete nan FFM ou an lè li ekspire, ou dwe mande yon ranbousman.

Voye demann ou an pa lapòs oswa retounen kat ki ekspire ou a nan yon anplasman FFNYC. Nenpòt demann pou ranbousman dwe fèt nan 2 ane apre dat ekspirasyon ki sou do kat la.

Pou voye yon demann nan kourye lapòs, mete enfòmasyon sa yo nan anvlòp la ansanm ak kat ou a:



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

- Prenon w ak siyati w
- Nimewo ID Kliyan Fair Fares (yo jwenn sou paj lakay Fair Fares nan ou [ACCESS HRA](#) kont).
- Kantite lajan ou panse ki rete sou kat la.

Voye kat ou a ak enfòmasyon ki anlè yo nan:

Fair Fares NYC
PO Box 7099
New York, NY 10008-7099

Pou Patisipan ki Enskri pou yon Rabè sou Vwayaj Access-A-Ride:

- Patisipan Fair Fares ki se pasaje AAR epi ki mande yon rabè sou vwayaj AAR yo pa kalifye pou resevwa yon FFOC. Si w deja gen yon FFOC, y ap retire rabè FFNYC ou a.
- Apre ou fin bay Pwogram nan nimewo ID Access-A-Ride ou epi NYC Transit konfime enfòmasyon ou yo, rabè a pral aplikab dirèkteman nan chak kont AAR. Depi AAR fin konfime w, w ap kapab rezève vwayaj ak rabè sou AAR pandan peryòd kalifikasyon Fair Fares ou a. Rabè a ap aplikab sou vwayaj la lè w rezève li, epi w ap sèlman peye pri rabè a lè vwayaj la fini.
- Ou se sèl moun ki gen dwa sèvi ak rabè pri tikè AAR ou a. Si ou kite yon lòt moun itilize rabè ou a, ou ka pèdi kalifikasyon w pou Pwogram nan. Tanpri, gade seksyon Penalite ki anba a pou plis enfòmasyon espesifik.

Lè ou aksepte kondisyon itilizasyon FFNYC yo, ou rekonèt epi aksepte tèm ak règleman ki gouvènè itilizasyon sèvis nou yo, ladan yo genyen gid sou konpòtman itilizatè, konfidansyalite done, dwa pwopriyete entèlektiyèl, epi limitasyon responsabilite.

Renouvèlman nan Pwogram FFNYC a:

Pwogram nan ap fè w konnen omwen 30 jou anvan peryòd enskripsyon ou nan Pwogram FFNYC a fini. Ou kapab kounye a voye yon aplikasyon renouvèlman bay DSS/HRA. FFOC ou a ap gen yon dat ekspirasyon ki diferan ak dat enskripsyon w nan Pwogram FFNYC a. Yonfwa yo revize epi apwouve aplikasyon renouvèlman ou a, rabè w la ap kontinye sou FFOC ou a, sof si w te mande yon nouvo kat pandan aplikasyon renouvèlman ou a. Si FFOC ou a ekspire pandan enskripsyon w lan, y ap otomatikman voye yon nouvo FFOC pou ou pa lapòs avan li ekspire.

Avètisman:

Rabè Fair Fares yo ap disponib sèlman pandan tan Pwogram nan ap an vigè. Si Pwogram nan sispann, y a retire rabè a sou kat ou, men ou ka kontinye itilize balans ki rete nan kont OMNY ou a. Rabè Access-A-Ride yo ap fini imedyatman si Pwogram nan sispann.

Lè ou dakò ak Kondisyon Itilizasyon sa yo, ou dakò tou akò sa a se ant oumenm tou, kòm patisipan an, ak DSS/HRA kòm administratè Pwogram FFNYC a. NYCT se pa yon pati nan akò sa a.

Chanjman nan Akò sa a :

DSS/HRA ka chanje kondisyon Akò sa a nenpòt lè. Chanjman sa yo pral sèlman vin anplas nan dat ki ekri sou avi chanjman an. Si nenpòt eleman nan avi chanjman an fè yon pati nan akò sa a pa valab, avi chanjman an pa fè tout akò a pa valab. Sa vle di rès kondisyon yo nan akò sa a ap toujou anplas.



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

Lwa ki An Vigè :

Lwa Eta New York yo ak Chapit 12 Tit 68 nan Règ Vil New York yo ap kontwole Akò sa a. Yo pral itilize Lwa Eta New York yo pou entèprete akò sa a.

Chanjman nan Enfòmasyon ou yo:

Ou pral resevwa avi ak FFOC ranplasman yo nan adrès nou genyen nan dosye a. Ou dakò pou enfòmè DSS/HRA sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon ou bay avan yo tankou:

- Non;
- Adrès;
- Nimewo Telefòn; ak
- Adrès Imèl.

Ou ka chanje adrès postal ou oswa enfòmasyon pou kontakte nou nan www.nyc.gov/accessfairfares, rele 311 oswa ale nan yon biwo Fair Fares NYC.

Pa kalifye:

FFNYC ap retire rabè a sou kat ou a si oswa lè yo jwenn ou pa kalifye pou Pwogram nan. Ou ka kontinye itilize kat la san rabè a si li pa dezaktive.

Restriksyon:

Se ou menm sèl yo pèmèt ki pou itilize rabè FF ou a. Si w kite yon lòt moun itilize rabè FF ou a, yo ka retire w nan Pwogram nan, epi si ou gen yon FFOC, ou ka pèdi nenpòt balans ki rete sou li.

Menm jan ak tout kat OMNY yo, ou dwe montre nenpòt polisye oswa manm pèsònèl transpò piblik FFOC ou a si yo mande li.

Ou ka pa gen ranbousman oswa ranplasman si:

- Ou manyen FFOC ou a; oswa
- Ou te bay FFOC ou a bay yon lòt moun pou l itilize.

Sanksyon:

Si ou maltrete oswa mal sèvi ak rabè FF ou a, oswa ou fè fwod sou Fair Fares NYC (tankou, men se pa sa sèlman, bay yon lòt moun rabè a pou l itilize oswa fè ekspres bay Fair Fares NYC fo enfòmasyon), w ap resevwa yon lèt avètisman ak yon sispanasyon 60 jou. Apre sispanasyon 60 jou a fini, ou ka reyaplike nan Pwogram lan. Si w komèt yon dezyèm vyolasyon, n ap retire ou definitivman nan Pwogram nan.

FFOC ki mal itilize oswa maltrete ak lajan ki rete ladan yo pa elijib pou ranbousman.

Dwa pou Konteste Desizyon sou Kalifikasyon:

Si nou jwenn ou pa kalifye pou Fair Fares NYC, ou gen dwa rele 311 oswa vizite yon anplasman FFNYC pou w mande yon evalyasyon administratif pou konteste desizyon sou kalifikasyon an.

Divilgasyon:

DSS/HRA ka itilize ak pataje enfòmasyon pèsònèl yo kolekte sou ou yo pou patisipasyon w nan Pwogram sa a pou kèk rezon, ladan yo genyen, men se pa sèlman sa ki annapre yo:

- administre pwogram nan;
- konekte w ak benefis, sèvis, ak swen adisyonèl ke ou ka elijib pou;



Non ak siyati: _____

Idantite Fair Fares: _____

- verifye patisipasyon w nan pwogram Access-A-Ride;
- verifye w pa patisipe nan yon pwogram pri redui MTA; epi
- bay lapolis pou mennen ankèt sou fwo yo sispèk ki gen rapò ak Pwogram nan.

Rabè Fair Fares ak itilizasyon li yo soumèt ak tout dispozisyon, règ ak règleman sou tarif NYC Transit ak asosye li yo.

Itilizasyon yon FFOC dwe sijè a menm kondisyon ak restriksyon sou pri ak tarif yo ke itilizasyon FFM la. Itilizasyon rabè Fair Fares ou a avèk OMNY dwe respekte Kondisyon Sèvis epi Politik Konfidansyalite OMNY yo, ki disponib sou OMNY.info.

Tanpri, li epi siyen Kondisyon Itilizasyon sa yo epi sere yon kopi lakay ou.

Non Patisipan (Enprime)

Dat

Siyati Patisipan an

Pou jwenn sèvis kliyantèl oswa pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311. Si ou soud oswa ou gen difikilte pou tande, rele nan 711 oswa founisè sèvis relè ou pi pito a pou kontakte nou.